

Pran Vaksen kont HPV a

pou w Pwoteje Tèt ou Kont HPV

Kisa HPV a ye? Papilomavirus imen (human papillomavirus, HPV) se enfeksyon moun pran nan fè bagay (sexually transmitted infection, STI) ki pi komen epi li bay kansè ak veri jenital.

Kijan HPV a simaye? HPV a simaye nan kontak entim po sou po ak sèks nan vajen, nan twou dèyè ak nan bouch. Yon moun ki gen HPV gendwa pa gen okenn siy ni sentòm.

Konbyen vaksen mwen dwe pran epi kilè mwen ta dwe pran yo?

- Adolesan ki gen mwens pase 15 lane yo dwe pran de (2) vaksen nan omwen entèval sis (6) mwa.
- Adolesan ki gen 15 lane e plis yo dwe pran twa (3) vaksen sou yon peryòd sis (6) mwa.

Èske vaksen HPV a san danje? Wi, li san danje epi li pwoteje moun kont enfeksyon HPV a ak kansè li lakoz yo.

Ki kote mwen kapab pran vaksen kont HPV a? Ale kay pwofesyonèl swen sante w la oswa nan sant sante ki nan lekòl ou a.

Èske mwen bezwen konsantman yon paran oswa responsab legal?

Si ou ap chèche sèvis sante seksyèl, li posib pou kapab pran vaksen kont HPV a san konsantman yon paran oswa responsab legal. Pale ak yon pwofesyonèl swen sante pou w konnen si ou elijib, oswa pale ak paran ou oswa responsab legal ou sou possiblite pou pran vaksen an.